



Retrè Demann BRC ki Abandone oswa Enkonplè (2025)

Nimewo Politik la: BRC-25-01

Dat Piblikasyon an: 5 mas 2025

Dat li Efektif: 5 mas 2025

Aplikabilite: Tout Pwogram ki gen Lisans ak Finansman

KONTÈKS

Depatman Edikasyon ak Swen Bonè a (EEC) etabli politik sa a konsènan retrè demann verifikasyon dosye pase ki abandone oswa enkonplè (BRC) nan Pòtay Pwogram Navigatè BRC a pou asire lis aplikan BRC ki annatant yo ajou.

Kounye a, pwogram yo pa gen kapasite pou anile oswa retire yon demann BRC yon fwa yo soumèt li nan Pòtay Pwogram Navigatè BRC a. Anplwaye BRC yo pa ka kontinye pwosesis BRC a pou kandida ki pa fè anprent yo, kidonk BRC sa yo vin demann ki abandone oswa enkonplè nan Pòtay Pwogram Navigatè BRC a.

Politik sa a ap amande pou li gen ladann kounye a TOUT kandida yo (Nouvo, Renouvèlman ak Resoumisyon) avèk demann BRC:

- ki gen plis pase karant-senk (45) jou, epi
- kote kandida a pa t pwograme yon randevou anprent oswa bay anprent.

OTORITE

- MGL 15D (sec. 7-8)
- 606 CMR 14

DEKLARASYON POLITIK

EEC pral retire demann BRC ki abandone oswa enkonplè nan Pòtay Pwogram Navigatè BRC a apre karant-senk (45) jou.